



Pou Piblikasyon Imedya: 27/07/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ETAP FONDAMANTAL MAJÈ POU PWOJÈ ENFRASTRIKTI YO NAN NEW YORK

Premye Branch nan Nouvo Pon Governor Mario M. Cuomo an Pral Ouvri nan Dat 25 Dawout

Nouvo Pon an Sou Wout pou Ouvri an 2018 epi Li Nan Bidjè 3.98 Milya Dola a

FAA Apwouve Konpozan Delta 37 Pòtay 4 Milya Dola a nan Nouvo Ayewopò LaGuardia

Yo Te Apwouve Plis Pase 500 Milyon Dola nan Prè Federal pou Fè Moynihan Train Hall lan Vin Yon Reyalite

Gouvènè Cuomo te anonse jodi a ke premye branch nan nouvo Pon Governor Mario M. Cuomo an pral ouvri nan dat 25 Dawout, lè sikilasyon nan direksyon lwès lan pral kòmanse deplase ale sou premye branch lan. Nouvo pon an, ki sou wout pou ouvri an 2018 epi ki nan bidjè 3.98 milya dola a, se yonn nan pi gwo pwojè pon ki aktif yo nan nasyon an epi li se pon ki pi laj nan istwa Otorite Thruway Eta New York (New York State Thruway Authority).

“Ouvèti premye branch nan nouvo Pon Mario M. Cuomo an mwa pwochen se yon mesaj klè ke apre plizyè dekad degradasyon, New York ap konstwi enfrastrikti transpò nou yo pi byen, pi sekirize epi pi efikas ke tan anvan”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Etap fondamantal majè sa yo nan pwojè a pou ranplase Pon Tappan Zee ki ap vyeyi a se pral premye etap nan redwi anbouteyaj pou vwayajè yo pandan ke l’ap ofri yon lyen modèn sou Hudson River, ki te konstwi pou dire pou jenerasyon ki gen pou vini yo.”

An plis, Gouvènè Cuomo te anonse tou ke Administrasyon Avyasyon Federal la (Federal Aviation Administration, FAA) te apwouve etablisman Delta 37 pòtay pou 4 milya dola a nan Ayewopò LaGuardia, ki se konpozan finan nan transfòmasyon LaGuardia pou vin tounen yon ayewopò 21yèm syèk ki konplètman rekonstwi, inifye, epi Depatman Transpò (Department of Transportation) Etazini an te apwouve yon prè de plis pase 500 milyon dola pou redevlopman Moynihan Train Hall lan. Gouvènè Cuomo te anonse tou ke gichè enpo san lajan kach yo pral fin konplete sou tout pon ak tinèl MTA yo apati fen ane 2017, yo ki deja te redwi tan vwayaj vwayajè yo de jiska nèf èdtan depi Janvyè.

Nouvo Pon Governor Mario M. Cuomo a

Yo rekonèt pwojè Nouvo Pon Governor Mario M. Cuomo an atravè nasyon an pou konsepsyon ikonik li, enkli pa Prezidan Barack Obama, ki mete pon an nan tèt lis pwojè priyorite enfrastrikti enpòtan anpil li yo. Nouvo pon an pral konekte konte Westchester ak Rockland, epi sèvi kòm wout prensipal ant Rejyon Nò a ak rejyon metwopolitèn Vil New York lan. Antou, plis pase 6,300 moun te kontribiye nan pwojè Pon Governor Mario M. Cuomo an jiskaprezan, ki totalize plis pase 8 milyon èdtan travay mendèv. Sou òdonans Gouvènè an, Otorite Thruway te jere pwojè sa depi 2013 ak de objektif fondamantal yo, pou an premye ouvri pon an nan ane 2018, epi an dezyèm, konplete pon an nan oswa mwens pase montan 3.98 milya dola ki te planifye an.

Nan Vandredi swa, 25 Dawout, Otorite Thruway ak Tappan Zee Constructors pral chanje kat liy nan sikilasyon nan direksyon lwès/nò nan nouvo branch lan. Dezyèm etap la pou deplase sikilasyon nan direksyon lès branch sa pral kòmanse pi ta sezon otòn sa. Sikilasyon an pral separe pa yon baryè mayo epi patèn sikilasyon sa pral rete an vigè jiskaske dezyèm branch lan fin konplete, epi pon an ak toulède branch yo ouvri an 2018.

Apwouvasyon FAA pou Etablisman Delta 4 Milya Dola a - Konpozan Final nan Nouvo Ayewopò LaGuardia a

Semèn pase a, FAA te anonse apwouvasyon anviwònmantral pou nouvo etablisman Delta 37 pòtay 4 milya dola a, ki se konpozan final nan transfòmasyon LaGuardia pou li vin tounen yon ayewopò modèn ki inifye. Otorite Pò (Port Authority) pran angajman pou li bay yon kantite lajan fiks ki p ap depase 600 milyon dola nan kad pwojè Delta a, epi liy ayeryèn nan ap bay 3.4 milya dola e ap pran responsablite nenpòt ki depans ki depase. Tout konplèks tèminyal ayewopò yo, sa ki gen ladan pwojè Delta a, ap sitiye pi pre Grand Central Parkway kòm yon pati nouvo konsepsyon ayewopò kowòdone a, sa k ap bay plis espas tèren avyasyon. Travay Delta va kòmanse pita ete sa a. Redevlopman konplèks Delta yo fè pati yon pwojè jeneral Ayewopò LaGuardia ki te kòmanse nan mwa Jen 2016 avèk konstriksyon konfigirasyon jeneral nouvo wout la epi avèk tèminyal pasaje LaGuardia Gateway Partners sou mwatye lwès nouvo ayewopò an.

Plis Pase 500 Milyon Dola pou Moynihan Train Hall

Gouvènè Cuomo te anonse tou ke Depatman Transpò Etazini an te apwouve yon prè 537.1 milyon dola sou Lwa sou Inovasyon ak Finans Enfrastrikti Transpò yo (Transportation Infrastructure Finance and Innovation Act, TIFIA) pou Pwojè Redevlopman Moynihan Train Hall lan. Nouvo Moynihan Train Hall lan pral genyen yon nouvo gradsyèl espektakilè 92 pye de wotè ke yo pral konstwi sou sipò an asye ki dramatik sou plan achitektirèl ak istorik nan batiman an. Yon total nèf platfòm ak 17 wout pral aksesib soti depi nan Sal Rasanbleman pou Tren an. Sal Rasanbleman pou Tren an pral bay koneksyon dirèk nan metwo Eighth Avenue Subway, epi kreye aksè dirèk nan estasyon tren soti nan 9th Avenue pou premye fwa, ki ap pote opsyon transpò rejyonal san parèy yo ki nan yon atent konvenab pou zòn Hudson Yards ak Far West Side ki ap fleri yo.

Moynihan Train Hall lan fè pati Batiman Pennsylvania Station-Farley transfòmasyonèl ke Gouvènè Cuomo te anonse a an Septanm 2016 ki pral dramatikman modènize, mete ajou epi reyelabore santral sikilasyon Amerik ki pi chaje an pou vin tounen yon etablisman klas mondyal pou 21^{yem} syèk lan. Batiman Pennsylvania Station-Farley an genyen tou yon rekonsepsyon global sal rasanbleman 33rd Street LIRR aktyèl lan ki nan Penn Station, ak yon renovasyon ekstansif nan estasyon metwo Seventh Avenue ak Eighth Avenue ki akote yo. Plan an pral enkli prèske triple lajè Koridò 33rd Street lan, ki pami seksyon ki pi chaje yo nan Penn Station epi pwolonje sou tout nivo pi ba estasyon an soti depi nan Seventh Avenue pou rive nan Eighth Avenue. Lòt amelyorasyon yo gen ladan yo ekleraj ak panèl oryantasyon ki modènize, ak ekran dijital yo pou bay enfòmasyon epi kreye yon eksperyans pasaje modèn.

Nouvo Moynihan Train Hall la pwograme pou fin konplete nan fen ane 2020. Kontrandi yo sou nouvo Batiman Penn-Farley lan disponib [isit la](#).

Gichè Enpo San Lajan Kach yo sou tout Pon ak Tinèl MTA yo

Gichè Enpo San Lajan Kach yo te deja ekonomize kliyan yo yon total 860,000 èdtan tan vwayaj akimilatif soti Janvyè pou rive Me ane sa. Kliyan endividyèl lan te ekonomize an total soti Janvyè pou rive Me jiska nèf èdtan tan vwayaj.

Gichè Enpo San Lajan Kach yo pral fin konplete nan tout pon ak tinèl MTA yo nan fen ane 2017. Pi resamman, gichè enpo san lajan kach yo te kòmanse sou Pon Verrazano-Narrows nan Samdi 8 Jiyè, rejwenn Pon RFK, Pon Henry Hudson, Tinèl Hugh L. Carey, Tinèl Queens Midtown, ak Pon Rockaway (Cross Bay ak Marine Parkway).

Pon sa yo pral gen gichè enpo san lajan kach yo pandan sezon otòn sa:

Pon Throgs Neck – Septanm 2017
Pon Bronx-Whitestone – Oktòb 2017

Nan chak pon, sansè ak kamera yo pandye sou otowout yo nan estrikti ke yo konnen sou non “kanivo yo”. Sansè sa yo ap alòs li etikèt E-ZPass yo epi pran imaj plak lisans yo, pou ke veyikil yo pa gen pou kanpe ankò epi peye enpo yo. Yo pral faktire veyikil ki gen etikèt E-ZPass la otomatikman, epi yo pral anrejistre nimewo plak veyikil ki pa gen E-ZPass yo, epi yo pral voye yon fakti bay pwopriyetè ki gen non l sou imatrikilasyon veyikil la. Etikèt E-ZPass yo dwe toujou monte epi yo pa janm dwe ajite pou asire ke tag la li byen epi pou atansyon chofè a pa detounen pou travèse enstalasyon an, an sekirite. Otomobilis yo kapab anrejistre pou yon E-ZPass [isit la](#).

Yo prevwa peyaj san kach yo pral pèmèt vwayajè yo ekonomize jiska 21 èdtan nan tan kondwi chak ane. Li redwi emisyon gaz yo epi diminye nan fason konsiderab kantite kabiran chofè yo itilize tou, ki pap bezwen kanpe epi tann pou peye gichè peyaj yo ankò. Sa pral konsève anviwon yon milyon galon kabiran epi ekonomize prèske 2.3 milyon dola nan depans pou kabiran total yo chak ane.

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418